



Pou Piblikasyon Imedya: 12/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO EPÒK ATIZAY POU BUFFALO AK RE-
OUVÈTI MIZE ATIZAY BUFFALO AKG KI GEN RENOME MONDYAL APRE
EKSPANSYON AK REYAMENAJMAN TRANSFÒMATÈ**

*Youn nan pi gwo mize atizay modèn ak kontanporen nan mond lan te konplete
pwojè ekspansyon ak reyamenajman ki pi enpòtan nan istwa 160 ane li yo*

*Mize Atizay Buffalo AKG gen plis pase 50,000 pye kare espas ekspozisyon, senk
salklas, nouvo restoran ak espas vèt piblik ak espas rasanbleman kominotè*

*Yo prevwa ke mize a pral gen yon enpak ekonomik 34 milyon dola chak ane pou
lwès New York epi anplwaye 134 anplwaye aplantan*

Gade foto pwojè ekspansyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gwo achèyman Mize Atizay Buffalo AKG (Buffalo AKG Art Museum), youn nan pi gwo mize atizay modèn ak kontanporen nan mond lan. Pwojè ekspansyon, restorasyon, ak renovasyon 195 milyon dola a gen ladan nouvo bilding espektakilè Jeffrey E. Gundlach twa etaj ak restorasyon de lòt bilding istorik nan kanpis la ke yo te rele anvan sa Albright-Knox Art Gallery (Galri Atizay Albright-Knox). Yo prevwa AKG pral ogmante vizit nan plis pase 30 pousan epi atire omwen 160,000 vizitè chak ane. Yo estime ke rejyon an ta ka jwenn yon benefis ekonomik dirab pou yon lòt 34 milyon dola chak ane kòm rezilta ogmantasyon touris.

"Mize Atizay Buffalo AKG fòmida la se youn nan pi bon enstitisyon mond lan pou atizay modèn ak kontanporen -- ki montre renesans ekonomik ak kiltirèl Lwès New York te fè eksperyans nan dènye ane yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Buffalo gen anpil chans pou l genyen yon mize atizay ki gen renome mondyal ak yon repitasyon ki vin gen plis enpòtans amezi l ap elaji kanpis li yo ak koleksyon zèv li yo. Nouvo bilding lan ak kanpis la se yon travay atistik espektakilè ki pral atire vizitè yo epi ki pral sipòte ekonomi touris rejyonal la pou plizyè deseni alavni".

Kanpis elaji a, ki chita nan 1285 Elmwood Avenue, prezante nouvo bilding espektakilè Jeffrey E. Gundlach ki pote non finansye ak natif natal Buffalo ki te kontribye 65 milyon dola nan pwojè a. Bilding translisid twa etaj, ke achitèk Shohei Shigematsu te konsevwa a, gen ladan yon biwo sèvis vizitè, yon teyat bwat nwa, douz galri, yon teras eskilti, kafe

ba, pakin anba tè, ak yon gwo sousòl ki gen ofisye manitansyon klimatizè dènnye modèl pou lojman.

Ekspansyon radikal kanpis la gen ladan tou anpil renovasyon bilding istorik ak teren mize a ki egziste deja. Yon espas rasanbleman kominotè alenteryè, plizyè salklas ak apeprè mwaye yon ekta espas vèt piblik yo te ajoute ak entegre anndan Pak Delaware Frederick Law Olmsted, ki amelyore eksperyans atistik ak lanati ekstraòdinè. Nouvo pon an vè John J. Albright la pral konekte bilding Gundlach ak bilding Wilmers. Dimansyon pon koube a pèmèt mize a transpòte zèv atistik soti nan yon bout nan kanpis la ale nan lòt la. Bilding Seymour H. Knox genyen yon lakou ki kouvri pa yon nouvo eskilti ki rele *Common Sky*, yon nouvo restoran, espas pou vann an detay, salklas, ak yon oditoryòm 350 plas. Pa gen okenn frè admisyon nan Bilding Knox la. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou lè ak règleman tikè yo nan buffaloakg.org.

Koleksyon zèv atistik mize a te elaji tou, prèske double depi lè li te fèmen pou renovasyon an novanm 2019. Yo te akeri plis pase 500 zèv atistik 181 atis ak kolektif. Atis ki fèk ajoute nan koleksyon mize a soti nan plis pase 30 peyi epi yo gen ladan yo gwo figi nan yon pakèt disiplin tankou penti, eskilti, fotografi, videyo, pèfòmans, enstalasyon, ak teknoloji dijital. Chak ajoute nan youn nan koleksyon ki pi remakab nan atizay modèn kontanporen nenpòt kote nan mond lan.

Pi gwo kanpay kiltirèl piblik-prive nan istwa Lwès New York sipòte konstriksyon Mize Atizay Buffalo AKG. Anplis kontribisyon jenere Mesye Gundlach, pwojè a jwenn sipò yon angajman pataje 47 milyon dola nan finansman Eta New York.

Galri Atistik Albright-Knox ki te fonde an 1862 antan ke Akademi Bèl Zèv Atistik Buffalo, gen ladan yon koleksyon selèb zèv atistik modèn ak kontanporen yo. Albright-Knox te elaji de fwa anvan, avèk konstriksyon inisyal mize an nan lane 1905 ak yon nouvo paviyon ki te ajoute an 1962. Mize Atizay Buffalo AKG, twazyèm ekspansyon an, ajoute plis pase 50,000 pye kare espas pou montre ekspozisyon espesyal ak koleksyon atistik ki gen renome mondyal ki fèk elaji a.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Kòm youn nan pi ansyen enstitisyon atis piblik Etazini, Buffalo AKG istorik la non sèlman amelyore òf kiltirèl eta a, men tou sipòte ekonomi lokal ak rejyonal yo. Envestisman Eta New York nan ekspansyon transfòmasyon a pral ranfòse touris Lwès New York, kreye travay, ankouraje kalite lavi rezidan yo, epi ranfòse sèn atistik ak kiltirèl k ap pwospere nan Buffalo".

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Mize Atizay Buffalo AKG reyimajine a pral akeyi vizitè nasyonal ak entènasyonal pou eksplore ak fè eksperyans youn nan koleksyon atizay modèn ki pi enpresyonan nan mond lan, elaji sou yon eritaj li te bati sou plis pase yon syèk. I LOVE NY fyè pou l sipòte atraksyon atistik ak kiltirèl klas mondyal eta a tankou Buffalo AKG, ki konplete nenpòt eskapad nan Lwès New York, epi ki ofri yon lòt rezon ankò poukisa li fasil pou vizitè yo ak rezidan yo renmen New York".

Mara Manus, Direktè Egzekitif Konsèy Zèv Atistik Eta New York la (New York State Council on the Arts), te deklare, "NYSCA kontan anpil paske li te patisipe nan sipò Kapital Eta New York pou pwojè konstriksyon transfòmasyon AKG nan tout kanpis la, ki pral enspire Nouyòk yo ak vizitè atravè mond lan pandan l ap anrichi lavi tout moun ki travèse pòt li yo".

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Re-ouvèti yo t ap tann depi lontan an make yon nouvo epòk pou Mize Atizay Buffalo AKG istorik la. Mizajou ak ajou enpòtan nan kanpis la, tankou Great Lawn, Town Square, ak Bilding Jeffrey E. Gundlach, pote istwa mize a nan lavni. Espas nouvo ak renouvle andedan ak deyò yo pral rekonekte katye Buffalo ak mize a, pandan y ap jenere touris ki pral benefisye ekonomi nou an pou ane k ap vini yo. Nou fyè dèske nou wè vizyon sa a ke yo t ap tann depi lontan an rive reyalize".

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Mize Atizay Buffalo AKG se yon enstitisyon kiltirèl, epi ekspansyon jodi a solidifye prezans dinamik sa a atravè rejyon nou an ak eta nou an pou plizyè deseni k ap vini yo. Gwo renovasyon sa a se pa sèlman yon angajman ankò anvè kominote atistik nou an ak pi gwo ekonomi nou an, li se yon investisman tou nan opòtinite - nan edikasyon, nan inovasyon, ak nan moun ki rele vil ak eta sa a lakay yo. Mwen bat bravo pou vizyon Jeffrey Gundlach pou lavni, epi mwen apresye anpil kapasite l pou l travay an kolaborasyon ak tout nivo gouvènman an pou ranfòse avni AKG".

Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare, "Ansyen Galri Atizay Albright-Knox la te pote mitan peyizaj kiltirèl Buffalo depi plizyè jenerasyon, avèk yon koleksyon atizay modèn ki te gen yon renome mondyal. Transfòmasyon li pou tounen nouvo enkwayab Mize Atizay Buffalo AKG siyifi yon nouvo epòk enteresan ki pral pèmèt mize a montre plis nan koleksyon enkwayab li yo, avèk yon kanpis modèn ki akeyi kominote Buffalo ak Lwès New York. Pwojè sa a te yon travay lanmou pou anpil moun, epi mwen konnen nou tout kontan wè nouvo AKG a louvri pòt li".

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Re-ouvèti Mize Atizay Albright Knox Gundlach la se pi gwo demach kiltirèl nan istwa Lwès New York (WNY). Mwen fyè de wòl Lejislati Eta New York la te kapab jwe nan direksyon pou fini pwojè sa a, epi mwen pa ka tann pou m wè piblik la ak tout vizitè li yo kapab fè eksperyans koleksyon elaji nan ekspozisyon an ak tout nouvo ekipman yo".

Manm Asanble Jon D. Rivera te deklare, "Ouvèti Mize Atizay Buffalo AKG a se egzanp pi rezan kapasite eksepsyonèl Buffalo pou l fè yo bagay ki depase l lè sa gen pou wè ak enstitisyon atistik ak kiltirèl nou yo. Nouvo katedral atis ak zèv ki renome entènasyonalman sa a — ki te jwenn sipò pi gwo kanpay kiltirèl piblik-prive nan istwa rejyon nou an ansanm ak yon angajman 47 milyon dola nan finansman ki soti Eta New York — pral kanpe kòm yon temwayaj vre rezilta priyoritasyon atizay pou anrichi kominote nou yo ak ini yo atravè yon vizyon pataje".

Manm Asanble Karen McMahon te deklare, "Buffalo AKG Museum se yon enstitisyon klas mondyal ak yon pwen repè yo renmen nan Lwès New York. Amelyorasyon ak adisyon yo pral amelyore AKG ak selebrasyon atistik li yo, dinamize enpak ekonomik li nan kominote nou an, epi byen etabli li kòm yon bijou nan eritaj rich achitekti, kiltirèl ak atistik Buffalo. Mwen felisite sensèman tout moun ki patisipe nan aboutisman pwojè sa a, sitou kondisip mwen nan lekòl segondè Jeffrey Gundlach pou jenewozite ekstraòdinè li, epi mwen espere jwi AKG a pou ane k ap vini yo".

Manm Asanble William Conrad, te deklare, "Achèvman Mize Atizay Buffalo AKG a reprezante rejyon sa a ak angajman klas mondyal eta a pou atizay, achitekti ak bote natirèl Olmsted Parks nou yo. Epi enpak trezò Buffalo sa a pral genyen sou touris ak ekonomi nou an osi eksitan tankou kanpis reyamenaje a li menm. Isit la nou gen yon lòt egzanp ankò sou pouvwa transfòmasyon kolaborasyon ak envestisman piblik-prive, epi mwen felisite tout patnè ak pati ki konsène yo ki te rann agrandisman sa posib".

Majistra Vil Buffalo Byron W. Brown te deklare, "Re-ouvèti youn nan mize atizay ki pi modèn ak kontanporen nan mond lan deja jwenn gwo lwanj pou ekselans. Depi nan kòmansman an, Administrasyon mwen an ak Komisyon Zèv Atistik Buffalo a te bay sipò nou nan pwojè agrandisman ak reyamenajman Mize Atizay Buffalo AKG. Kòm yon gwo atraksyon touris, mize sa a pral grandi kòm yon motè ekonomik pwouve ki jenere plizyè milyon dola pou kominote nou an, ak travay pou pèp nou an. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak anpil lòt sipòtè jenere ki te ede pwojè sa a fini. Nan ane k ap vini yo, nou pa ka tann pou nou akeyi moun ki renmen atizay atravè mond lan nan Buffalo".

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, "Gen jis kèk fwa pandan yon lavi ke nou ka patisipe nan yon pwojè eritaj ki pral gen yon enpak pozitif sou jenerasyon k ap vini yo. Sa a se youn nan yo. Mèsi a Gouvènè Kathy Hochul ak manm lokal yo nan sena a ak asanble a ki te defansè fewòs pwojè sa a, osi byen ke kòlèg mwen yo nan lejislati konte a. Akòz envestisman konjwen nou an nan nouvo Mize Atizay Buffalo AKG, nou se yon pi bon kominote pou li".

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Mize Atizay Buffalo AKG nan buffaloakg.org/about.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)